

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan anu judulna “Analisis Struktur Lahir jeung Batin dina Kumpulan sajak *Di Taman Larangan* karya Surachman RM” kapaluruh aya struktur lahir (diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, jeung purwakanti) jeung struktur batin (téma, rasa, nada, jeung amanat). Métonde nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métonde déskriptif analitik. Éta métonde téh dipaké pikeun ngadéskripsikeun sajak-sajak Surachman RM dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan*. Téhnik anu digunakeun nyaéta dumasar kana ulikan struktur lahir sajak konsép Alton C. Morris jeung struktur batin sajak konsép I.A Richards.

Hasil panalungtikan struktur lahir nu kahiji nya éta diksi. **Diksi** tina sajak-sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan*, kapaluruh diksi anu aya dina unggal sajakna leuwih nyoko kana kecap nu aya patalina jeung lingkungan sabudeureun. Hasil panalungtikan struktur lahir nu kadua nyaéta imaji. **Imaji** nu kapaluruh aya opat, nyaéta panénjo, pangdégé, pangrasa, jeung gerak. Imaji panénjo sacara umum panénjo kana kaayaan lingkungan anu aya di sabudeureun, awak, jeung kaayaan alam. Imaji pandégé lolobana nyaéta pangdégé kana sora nu dikaluarkeun ku jelema jeung sora-sora anu kaluar ti lingkungan sabudeureunana. Ari Imaji pangrasa leuwih kana rasa nu bisa dirasakeun ku unggal jelema. Pamungkas, imaji gerak nu kapaluruh leuwih kana hal anu aya patalina atawa anu ilahar kajadian di lingkungan sabudeureun. Hasil panalungtikan struktur lahir nu katilu nyaéta **kecap kongkrit**. Surachman RM, tina sajak-sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* loba ngagunakeun kekecapan nu aya patalina jeung kaayaan tempat nu dianjangan ku panyajak nu dicaritakeun dina sajak-sajakna. Ari struktur lahir nu kaopat nyaéta gaya basa. **Gaya basa** nu kapaluruh tina kumpulan sajak *Di Taman Larangan* aya opat gaya basa nya éta mijalma, ngaumpamakéun, rarahulan, jeung raguman. Surachman RM, dina nyieun sajak-sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Di*

*Taman Larangan* leuwih ngagunakeun kana gaya basa mijalma nyaéta ngabandingkeun barang-barang cicing atawa barang nu teu nyawaan disaruakeun jeung barang anu usik atawa barang anu nyawaan. Struktur lahir nu pamungkas nyaéta purwakanti. **Purwakanti** nu kapaluruh aya genep, nyaéta pangluyu, maduswara, laraswekas, mindoan kawit, mindoan wekas, jeung cakraswara.

Anapon hasil panalungtikan struktur batin nu kahiji nya éta téma. **Téma** nu kapaluruh dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* aya lima téma, nyaéta réalita kahirupan, asmara, lalampahan, sosial, jeung kaagamaan. Sacara umum, téma nu kapaluruh tina sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* téh ngeunaan lalampahan, luyu jeung sagemblengna ieu buku kumpulan sajak nu eusi sajak-sajakna mangrupa pangalaman lalampahan panyajak di wilayah Asia, Afrika, Éropa, jeung Amérika. Ari struktur batin nu kadua nyaéta rasa. **Rasa** nu kapaluruh téh aya rasa hanjakal, bingbang jeung sedih, sedih jeung pasrah, bingung, keueung, hémeng, sedih, bungah, waas, sabar, peurih, panasaran, jeung sugema. Jumlah sajak tina unggal rasana, méh sarua lobana. Struktur batin satuluyna nyaéta nada. **Nada** nu kapaluruh tina kumpulan sajak *Di Taman Larangan* aya dua nada nyaéta nada lugas atawa nyaritakeun hiji perkara jeung nada nyindir. Pamungkas nyaéta **amanat**, sok sanajan eusi unggal sajakna ngan saukur nyaritakeun lalampahan panyajak waktu nganjang ka sababaraha tempat. Tapi, tina lalampahana loba pangajaran nu bisa dicangking. Pangajaran nu bisa dicangking téh aya nu asalna tina sikep panyajak dina éta sajak, aya ogé nu asalna tina kaayaan nu digambarkeun ku panyajak dina sajak nu dijieunna. Ku kituna, sajak-sajak dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan*, lamun dibaca kalayan taliti mah, amanatna bisa kacangking.

Sabada ditalungtik, bisa dicindekkeun yén sajak-sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Di Taman Larangan* miboga struktur lahir jeung struktur batin nu lengkep, nu bisa mawa pamaca kana kasugemaan lahir jeung batin. Salian ti éta, antara struktur lahir jeung struktur batin silih kuatan unggal unsurna nepi ka nyungsi harti nu signifikan. Sanajan sajak-sajakna sacara umum carita tina pangalaman pribadi panyajak waktu nganjang ka sababaraha tempat, tapi tina éta lalampahan téh loba pangaweruh anyar nu bisa kacangking ku pamaca ngeunaan

tempat nu dianjangan ku panyajak. Salian ti éta, sanajan Surachman RM pakasabanana dina widang hukum, tapi dina pasualan nulis sajak mah katitén tapisna nyusun ungkara, teu béda jeung panyajak-panyajak petingan.

## 5.2 Implikasi

Implikasi tina dilakukeunna ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan jeung neuleuman pangaweruh ngeunaan kasusatraan Sunda hususna sajak. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh pamaca ngeunaan maham sajak nu ngagunakeun analisis struktur lahir jeung struktur batin. Onjoyna, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa jadi salasahiji sumber diajar kasusastraan Sunda, hususna widang puisi.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan di luhur, aya rékoméndasi ti panalungtik pikeun pamaca saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep aya panalungtikan satuluyna nu aya patalina jeung sajak sangkan kasusatraan Sunda hususna sajak bisa leuwih dipikawanoh ku masarakat.
- 2) Pikeun masarakat akademis, dipiharep dina waktu kahareupna bisa nalungtik ieu karya bagian medar ngeunaan ajén éstétika, ajén sémiotik, jeung ajén moral sangkan sajak-sajak nu aya dina ieu buku bisa dipikaharti leuwih jero deui.
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep panalungtikan ngeunaan Analisis Struktur Lahir jeung Batin dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan* Karya Surachman RM bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan sajak-sajak sunda katut téori analisis struktur lahir jeung batinna. Salian ti éta, panalungtik ngarékoméndasikeun pikeun maca salaku salasahiji cara pikeun ngaaprésiasi ieu panalungtikan, lantaran hasil tina ieu panalungtikan katitén ieu karya téh miboga ajén nu bakal kacangking tina amanatna.